



Enfòmasyon pou moun yo evakye apre siklòn Katrina ki abite nan eta Nouyòk

## Pou ranpli fòm reklamasyon pou jwenn asirans chomaj

*Tanpri remake yo bay epi yo adapte enfòmasyon sa a pou moun ki abite nan eta Nouyòk sèlman .*

### Anvan ou ranpli yon fòm pou reklame asirans chomaj, men enfòmasyon w ap bezwen genyen :

- \* Nimewo sekirite sosyal ou
- \* A adrès postal ou (kote ou pral resevwa chèk yo pral voye pou ou yo)

### W ap bezwen genyen tou:

- \* Non ak adrès tout kote ou te travay kòmanse depi janvyè 2004.
- \* Prè ou gen kat otorizasyon pou ka travay Ozetazini si ou pa yon sitwayen ameriken

*Sepandan, pa ezite aplike san pèdi tan menm si ou pa gen tout enfòmasyon konsènan adrès kote ou t ap travay yo oswa si w pa gen dokiman sou kat otorizasyon travay ou a.*

### Si w t ap travay nan Luizyàn :

Men fason pou w fè reklamasyon an : Rele nimewo gratis 1-800-818 7811 ant 3 è aprèmidi ak 7 è diswa nan lè nòmral zòn santral OUBYEN ranpli fòm nan sou entènèt nan [www.laworks.net](http://www.laworks.net)

Kalifikasyon pou w jwenn benefis : Reklamasyon ou fè a baze sou travay ou te fè pandan peryòd referans ki ant 1<sup>ve</sup> avril 2004 rive pou 31 mas 2005. Ou dwe te fè \$1 200 pandan peryòd referans sa a, epi total salè debaz ou touche pou peryòd sa a ta dwe reprezante omwen 1 fwa ½ salè trimestriyèl ki pi wo ou te reyalize.

To benefis pou chak semèn : To alokasyon w ap resevwa pou chak semèn nan baze sou mwayèn tout kòb ou touche yo pandan tout kat trimès peryòd referans la. Alokasyon pou chak semèn yo varye ant \$10 rive \$258.



### Si w t ap travay nan Misisipi :

**Men fason pou w fè reklamasyon :** Rele nimewo gratis seksyon reklamasyon Depatman Travay Eta Nouyòk la gratis nan 1-888-209-8124 apati 8 è dimaten rive pou 4 è edmi nan aprèmidi nan lè nòmral zòn lès. Yon ajan nan Nouyòk pral pran reklamasyon w lan pou voye li Misisipi pou yo ka trete dosye a.

**Kalifikasyon pou jwenn benefis :** Reklamasyon ou fè a baze sou travay ou te fè pandan peryòd referans ki ant 1<sup>ve</sup> avril 2004 rive pou 31 mas 2005. Ou ta dwe touche yon salè pandan omwen de trimès pou peryòd referans la ak yon total \$780 omwen pou yon trimès nan peryòd debaz la ak yon total revni pou peryòd referans lan dwe 40 fwa lavalè montan alokasyon ou pou yon semèn.

**To benefis pou chak semèn :** To alokasyon w ap resevwa pou chak semèn nan se 1/26 valè tout kòb ou touche pandan yon trimès ou te fè plis kòb la. Alokasyon pou chak semèn yo varye ant \$30 rive \$210.

### Si w t ap travay nan Alabama :

**Men fason pou w fè reklamasyon :** Rele Depatman Afè Endistriyèl nan Alabama a gratis nan nimewo 1-866-234-5382 apati 8 è dimaten rive pou 4 è edmi nan aprèmidi nan lè nòmral zòn santral.

**Kalifikasyon pou jwenn benefis :** Reklamasyon ou fè a baze sou travay ou te fè pandan peryòd referans ki ant 1<sup>ve</sup> avril 2004 rive pou 31 mas 2005. Ou dwe gen yon total revni pou peryòd referans lan ki vo omwen 1 fwa ½ salè trimestriyèl ki pi wo ou te reyalize epi nan de trimès ou te fè plis kòb yo dwe omwen \$1 068.01 anmwayèn.

**To benefis pou chak semèn:** To alokasyon w ap resevwa pou chak semèn nan baze sou mwayèn salè yo te peye ou pandan de trimès ou te fè plis kòb yo. Alokasyon pou chak semèn yo varye ant \$45 rive \$220.

Si w te travay nan 2 eta oswa plizyè eta diferan ant peryòd 1<sup>ve</sup> avril 2004 rive pou 31 mas 2005, rele sant reklamasyon pa telefòn Depatman Travay Eta Nouyòk la gratis nan nimewo 888-209-8124 apati 8 è dimaten pou rive 4 è edmi nan aprèmidi.



Enfòmasyon pou moun yo evakye apre siklòn Katrina ki abite nan eta Nouyòk

# Asistans pou chomaj apre katastwòf la

*Tanpri remake yo bay epi yo adapte enfòmasyon sa a pou moun ki abite nan eta Nouyòk sèlman.*

Si ou vin p ap travay akòz efè dega siklòn Katrina a epi si w pa kalifye pou jwenn benefis chomaj nòmal leta konn bay la, ou gen dwa kalifye pou jwenn asistans pou chomaj apre katastwòf ki fin pase a (Disaster Unemployment Assistance - DUA ann anglè). Suiv esplikasyon w ap jwenn nan fich enfòmasyon "Fason pou Reklame Asirans Chomaj" la pou w ka ranpli yon nouvo fòm reklamasyon pou eta kote ou te travay la avan siklòn Katrina a. Si w pa kalifye pou resevwa benefis chomaj nòmal la, leta gen pou ba ou yon fòm aplikasyon DUA ou ka ranpli.

DUA bay benefis tanporè pou moun – menm moun ki t ap travay ak pwòp tèt pa yo – ki vin pèdi travay yo akòz rezilta dirèk katastwòf siklòn nan koze men ki pa kalifye pou resevwa asirans chomaj nòmal leta a. Men kèk egzanp rezon chomaj ki rive akòz efè dirèk rezilta katastwòf ki pase a :

- \* Moun ki fraktire epi ki pa kapab travay.
- \* Moun ki t ap travay yon kote ki andomaje oswa yo paka kontakte travay la.
- \* Moun ki pèdi mwayen transpò yo.
- \* Moun ki pa t kapab ale nan travay yo akòz yo oblije pase nan zòn kote siklòn nan fè dega yo.
- \* Moun ki te fèk pral kòmanse yon travay men ki te oblije pa ale akòz siklòn nan.
- \* Moun ki oblije vin responsab kòm tèt fanmi an oswa ki vin bay anpil sipò pou yon fanmi paske moun ki te tèt fanmi an avan mouri nan siklòn nan.
- \* Moun ki vin oblije pèdi travay yo akòz yon entèvansyon federal oswa fèmeti lokal kote yo t ap travay la.
- \* Moun ki te, anvan siklòn lan, fè pifò lajan yo nan pati zòn ki afekte yo epi ki te konn travay ak pwòp tèt pa yo oubyen pou yon patwon epi ki te oblije vin redui aktivite biznis yo dirèkteman akòz dega siklòn ki pase kote sa a te fè.

